

FÓM AVI LOKATÈ
(Soumèt pou chak lokatè endividyèl)

Dat: _____

Non Lokatè: _____

Adrès: _____

Nimewo Apatman: _____

Lèt sa a se pou enfòmè w ke mèt kay ou an, _____, gen entansyon pou konvèti apatman w lan ak posiblerman lòt apatman yo nan bilding ou an swa an kondominyòm oswa apatman koperativ. Mèt kay ou an pral gen pou aplike epi pou Biwo Estabilite Lojman nan Vil Boston [Boston's Office of Housing Stability ("OHS")], apwouve yon Plan Konvèsyon e li pral gen obligasyon pou aplike ak resevwa yon pèmi konvèsyon koperativ oswa kondominyòm anvan yo kapab vann yon akomodasyon lojman. Ou gen dwa dapre Ódonans Konvèsyon Koperativ ak Kondominyòm Boston [Boston Condominium and Cooperative Conversion Ordinance], enkli dwa pou Avi sa a. Yo eksplike dwa ou yo anba.

Dwa pou bon jan Avi

Yo dwe ba ou avi sa a nan youn nan metòd ki annaprè yo: livrezon an-pèsòn nan prezans yon temwen oswa avèk resi ki verifye lokatè a resevwa l, voye pa lapòs sètifye oswa anrejistre, mande pou retounen resi a, oswa delivre pa yon cherif adjwen oswa jandam.

Dat yo konsidere tankou "bay" avi sa a se dat kote yo delivre avi a an-pèsòn bay lokatè a oswa dat kote lokatè a resevwa avi a apre ke yo fin voye l pa lapòs sètifye oswa anrejistre, mande pou retounen resi, oswa dat yon cherif adjwen oswa jandam te delivre l.

Dwa pou Kontinye Abite (Peryòd Avi)

Ou gen dwa pou rete kòm yon lokatè nan apatman lokasyon ou pou yon lane apati dat ou te resevwa avi sa a, oswa jis nan fen tèm kontra lwaye a, kèlkeswa sa ki pi gran, anvan yo kapab mande w pou kite akomodasyon lojman an. Si ou se granmoun, andikape, oswa moun ki gen revni fèb/modere, ou gen dwa pou rete antanke lokatè nan inite lwaye w la pou senkan apati dat ou te resevwa avi sa a, oswa jis nan fen tèm kontra lwaye a, kèlkeswa sa ki pi gran, anvan yo kapab mande w pou kite akomodasyon lojman an. Ou gen dwa avèk peryòd avi sa a keseswa kontra lwaye w la se yon kontra mwa-pa-mwa a volonte. Si ou se granmoun, andikape, oswa moun ki gen revni fèb/modere, tanpri enfòmè mèt kay ou an. Si mèt ou an konteste ke ou se yon granmoun, andikape, oswa moun ki gen revni fèb/modere ou ka bezwen pou ba yo verifikasyon estati w.

Anba wap jwenn definisyon andikap, granmoun ak revni fèb ak modere:

Lokatè andikape – yon lokatè ki gen yon defisyans mantal oswa fizik nan dat yo te bay avi a oswa yo ta dwe bay avi a, sa ki (1) konsiderableman limite kapasite moun nan pou pran swen tèt li, fè travay manyèl, mache, gade, tandè, pale, respire, aprann oswa travay; oswa (2) konsiderableman limite lojman apwopriye pou moun sa oswa konsiderableman limite kapasite moun sa pou chèche nouvo lojman; oswa (3) reponn a dispozisyon ki gen rapò sou andikap ki nan definisyon “moun andikape ki gen revni fèb” nan G.L. c. 121B § 1, bay yon kondisyon depandans sou alkòl oswa nenpòt sibstans kontwole pa ta dwe baz pou detèminasyon yon andikap.

Lokatè granmoun – Yon lokatè ki gen laj **62** ane oswa pi gran nan dat yo te bay avi a oswa yo ta dwe bay avi a.

Lokatè ki gen Revni Fèb/Modere: Si revni konbine pou tout moun kap viv nan apatman an, ki gen revni total pou 12 mwa ki sot pase yo anvan dat yo te bay avi a oswa yo ta dwe bay avi a, te mwens pase 80% nan Revi Mwayèn Zòn nan pou gwosè kay ou, kidonk kay la klase nan “Revni Fèb/Modere”. Gade tablo anba pou gid revni sa yo.

Maksimòm Revni Fèb/Modere (80% nan Revni Mwayèn Zòn lan), 2021	
Gwosè Kay la	Limit Revni
Yon moun	\$67,700
De moun	\$77,350
Twa moun	\$87,000
Kat moun	\$96,650
Senk moun	\$104,400
Sis moun	\$112,150

Dwa pou Pwolonje Tèm Kontra Lwaye a

Si avi peryòd yon lane oswa senkan ki refere anwo a pi long pase tèm lokasyon w nan kontra lwaye ou an, kidonk mèl kay la **dwe** pwolonje tèm lokasyon w pou kowenside avèk ekspirasyon peryòd avi a.

Dwa pou Achte

Ou gen dwa pou achte apatman lokasyon w anvan li ale sou mache a. Yo dwe ba ou opòtinite pou achte apatman an sou tèm ak kondisyon ki konsiderableman menm jan oswa pi favorab ke sa mèt kay la pral ofri apatman pou lavant a piblik la oswa yon tyès pati. Si apatman w lan elimine, swa pa demolisyon oswa nan konbine avèk yon lòt apatman, ou toujou gen dwa pou achte yon inite nan pwopriyete ki konvèti a.

Si gen plis pase yonsèl lokatè kap chèche menm apatman an, Vil la ap òganize yon lotri pou detèmine kimoun ki kapab achte apatman an. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ak klas pou moun kap achte kay, kontakte Boston Home Center nan 617-635-4663.

Dwa Benefis pou Demenajman

Si ou pa achte apatman lwaye ou an oswa yon inite lokasyon nan menm bilding lan, ou gen dwa a yon peman pou demenajman nan kantite lajan \$10,000.00 pou chak inite, oswa \$15,000.00 pou chak inite si ou granmoun, andikape, oswa ou gen revni modere oswa fèb. Si ou kite inite a pandan peryòd avi a. Yo dwe peye peman pou demenajman yo nan lespas dis jou apre ou fin kite apatman an. Men, si ou bezwen lajan sa alavans nan fason pou kapab demenaje, mèt kay la kapab fè peman yo dirèkteman bay konpayi demenajman w lan, ajans imobilye, etablisman depo oswa nouvo mèt kay la anvan ou demenaje sou demann ou ak lè ou fin ba yo verifikasyon nouvo apatman w lan.

Dwa pou mete fen nan Lokasyon

Ou gen dwa pou mete fen nan kontra lokasyon w san penalite depi ou bay mèt kay la yon avi alekri nan omwen trant (30) jou anvan ou kite. Mèt kay ou an pa kapab mete fen nan lokasyon w pandan peryòd avi a sof nan ka non-peman oswa lòt vyolasyon enpòtan nan kontra lwaye ou an.

Dwa pou Chèche Asistans Lojman

Yon lokatè granmoun, andikape, oswa ki gen revni fèb ak modere gen dwa pou jwenn èd nan men mèt kay la nan jwenn yon apatman konparab nan Boston e, si lokatè a mande, nan menm katye nan vil Boston kote lokatè a abite, pou yon lwaye ki egal oswa mwens pase sa lokatè a tap peye pou akomodasyon lojman nan moman li resevwa avi a.

Renovasyon pandan Peryòd Avi a

Ou gen dwa a libète nan deranjman derezonab ak vyolasyon nan jwisans trankil akòz reyabilitasyon, reparasyon, oswa amelyorasyon mèt kay la te fè pandan peryòd avi a.

Dwa pou mande yon Odyans

Si nan nenpòt moman, yon pati (lokatè oswa pwopriyetè) panse ke lòt pati a pa konfòme avèk kondisyon Ódonans Konvèsyon Koperativ ak Kondominyòm [Condominium and Cooperative Conversion Ordinance], yo ka mande yon odyans avèk Biwo Stabilite Lojman oswa Depatman Sèvis Enspeksyon, kèlkeswa sa ki aplikab la. Kèlkeswa pati ki mande odyans lan dwe patisipe, e lòt pati a kapab patisipe. Yap enfòme toulède pati yo sou kalite odyans sa yo.

Depi odyans lan fin pwograme, yo pral enfòme w sou lokasyon, lè ak dat odyans lan. Tanpri kontakte 617-635-3880 si ou gen nenpòt kesyon sou pwograme yon odyans konfòmite oswa **si ou bezwen yon entèprèt.**

Ou ka jwenn Ódonans Konvèsyon Koperativ ak Kondominyòm [Condominium and Cooperative Conversion Ordinance] sou sit entènèt Vil Boston nan: boston.gov/condominium-and-cooperative-conversion-ordinance. Yo kapab bay yon kopi tou sou demann.

Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri rele 617-635-3880 oswa imèl nan condocoop@boston.gov.